**दिन–रविवार** **दिनांक–15.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार सँ राज्यसभाक पांच सीट सभक लेल काल्हि होयबला चुनावक सरगर्मी तेज भऽ गेल अछि। एनडीए आ महागठबंधन अपन–अपन जीतक दावा कऽ रहल अछि। जदयू केर प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा कहलनि अछि जे एनडीए आसानी सँ पांचो सीट पर जीत दर्ज करत। श्री कुशवाहा कहलनि जे चुनाव मे महागठबंधन केर हारि निश्चित अछि। ओतहि, राजद केर प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी राज्यसभाक एक सीट पर पार्टीक जीतक दावा करैत कहलनि जे एनडीए चुनाव मे पूरा तरहें छिड़िया गेल अछि। ध्यातव्य अछि जे एनडीए केर पांच प्रत्याशी मैदान मे अछि। एहि मे भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन आ प्रदेश महामंत्री शिवेश कुमार, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ केन्द्रीय कृषि राज्यमंत्री रामनाथ ठाकुर शामिल अछि। एनडीए केर पांचम प्रत्याशी राष्ट्रीय लोक मोर्चाक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा अछि। एम्हर, राजद अमरेन्द्रधारी सिंह कँ प्रत्याशी बनयलक अछि। राज्यसभा चुनावक लेल मतदान काल्हि भोर नओ बजे सँ चारि बजे धरि होयत। पांच बजे सँ मतगणना शुरु होयत आ बेस राति धरि नतीजा घोषित कयल जा सकैत अछि।

---

बिहार मे राज्यसभाक पांच सीट सभ पर काल्हि होयबला मतदान प्रक्रियाक जनतब लेल आइ एनडीए विधायक लोकनि कँ मॉक पोल केर प्रशिक्षण देल गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक सरकारी आवास पर विधायक लोकनि कँ मतदान करबाक संपूर्ण जनतब देल गेल। एम्हर, भाजपा नेता आ उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे सही तरीका सँ मतदानक लेल मॉक पोल कराओल गेल। श्री जायसवाल आरोप लगौलनि जे विपक्षी दल सभ मे चुनाव के लऽकऽ कोनो एकमत नहि अछि।

---

चुनाव आयोग पांच राज्य आ एक केन्द्रशासित प्रदेश मे विधानसभा चुनावक तिथिक घोषणा कऽ देलक अछि। नव दिल्ली मे मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार जनौलनि जे पश्चिम बंगाल मे दू चरण मे– तेईस अप्रैल आ उनतीस अप्रैल कैँ वोटिंग होयत। तमिलनाडु मे एक चरण मे– तेईस अप्रैल कैँ वोट देल जायत। ओतहि, असम, केरलम आ केन्द्रशासित प्रदेश पुडुचेरी मे एकहिं चरण मे नओ अप्रैल कैँ मतदान होयत। मुख्य चुनाव आयुक्त जनौलनि जे चारू राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश मे वोटक गिनती एक संग चारि मई कैँ होयत।

———————————————————————————

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक– गैस मंत्रालय केर संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा जनौलनि जे कोनहुं खुदरा दोकान वा वितरक लऽग एलपीजी केर कमी नहि अछि आ पर्याप्त मात्रा मे डीजल आ पेट्रोल उपलब्ध अछि। ओ कहलनि जे देश मे कांच तेलक पर्याप्त भंडार अछि। संयुक्त सचिव नागरिक लोकनि सँ एलपीजी सिलेंडर केर जल्दबाजी मे बुकिंग नहि करबा आ बेगरता पड़ला पर डिजिटल बुकिंग करबाक आग्रह कयलनि अछि। ओ जनौलनि जे सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश मे वाणिज्यिक रसोईगैस सिलेंडर सभक वितरण सेहो शुरू भऽ गेल अछि। एम्हर, राज्य सरकार कहलक अछि जे प्रदेश मे सिलेंडर केर आपूर्ति सामान्य भऽ गेल अछि। गैस कंपनी सभ दिस सँ कहल गेल अछि कि जे उपभोक्ता लोकनि सिलेंडर केर बुकिंग कऽ लेलनि अछि हुनका जल्दीए गैसक आपूर्ति कयल जायत।

———————————————————————————

राज्यक मद्य–निषेध, उत्पाद आ निबंधन विभाग दिस सँ नशा मुक्त बिहार थीम पर पटनाक गांधी मैदान सँ मैराथनक आयोजन कयल गेल। ओलंपिक विजेता पी.वी. सिंधू एहि मैराथन कैँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। ओ कहलनि जे एहि तरह आयोजन युवा लोकनि कैँ नशामुक्तिक प्रति जागरूक करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निमाहि सकैत अछि। मैराथन मे दस हजार सँ बेसी प्रतिभागी लोकनि भाग लेलनि।

———————————————————————————

चक्रवाती बसातक प्रभाव सँ राज्यक कतेको भाग सभ मे अगिला सात दिनक दरमियान ठनका आ तेज बसातक संग बरखाक पूर्वानुमान व्यक्त कयल गेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना एहि दरमियान लोक सभ कैँ सावधान रहबाक अलर्ट जारी कयलक अछि। तेज हवा सँ ठाढ़ फसिल, केराक बगान आ आमक फसिल कैँ नोकसानक आशंका अछि। विभाग आकाशीय बिजली खसबाक दौरान लोक सभ कैँ खुजल स्थान पर काज नहि करबाक सलाह देलक अछि।

—————————————————————————————

अररिया मे जिला पदाधिकारी विनोद दूहन केर अध्यक्षता मे पशु क्रूरता निवारण समितिक बैसक भेल। बैसक मे पशु तस्करी रोकबाक लेल संवेदनशील स्थान सभ पर चेक पोस्ट बनयबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी अवैध वधशाला आ खुला मे चलि रहल अवैध मीट दोकान सभक खिलाफ कार्रवाई करबाक निर्देश सेहो देलनि।

मुंगेरक तारापुर मे आयोजित तीन दिवसीय फुटबॉल महोत्सव केर फाइनल मे संग्रामपुर प्रखंडक बढोनिया टीम असरगंज प्रखंडक अमैया टीम कैँ पेनल्टी शूटआउट मे पांच–चारि सँ पराजित कऽ खिताब अपन नाम कयलक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी विजेता आ उपविजेता टीम कैँ ट्रॉफी प्रदान कयलनि।

—————————————————————————————

समाप्त